# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 मई 2025** **भोजपुरी समाचार**

पहलगाम आतंकी हमला के बादे हो रहल उच्चस्तरीय बइठकी के श्रृंखला में आजु नई दिल्ली में राष्ट्रीय सुरक्षा सलाहकार अजित डोभाल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी से उनके आवास पर भेंटि कइलें। रक्षा सचिव राजेश कुमार सिंह काल्हि प्रधानमंत्री से भेंटि कइले रहलें। एहसे पहिले तिनो सेना प्रमुखन के साथे प्रधानमंत्री क अलगि–अलगि बइठकी भइल रहे।

येह बिच्चे केन्द्रीय गृह सचिव गोविंद मोहन बिहने होखे वाली नागरिक सुरक्षा मॉक ड्रिल के तइयारियन क समीक्षा करे बदे राज्यन अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के मुख्य सचिवन के साथे वीडियो कॉन्फ्रेंस के जरिये आजु बइठकी कइलें।

गृह मंत्रालय देस के दुइ सौ चउवालीस वर्गीकृत नागरिक सुरक्षा जिलन में नागरिक सुरक्षा अभ्यास अउर पूर्वाभ्यास आयोजित कइले क फैसिला लिहले हउवे।

***कल होने वाली इस मॉक ड्रिल में हवाई हमले की चेतावनी देने वाली प्रणालियों की प्रभावशीलता का आकलन किया जाएगा, वायुसेना के साथ हॉटलाइन और रेडियो संचार लिंक का संचालन किया जाएगा। साथ ही नियंत्रण कक्षों की कार्यक्षमता का भी परीक्षण होगा। इसके अलावा अभ्यास में हमले की स्थिति में खुद को बचाने के लिए नागरिक सुरक्षा पहलुओं पर नागरिकों और छात्रों को प्रशिक्षण भी दिया जाएगा। क्रैश ब्लैकआउट उपायों के प्रावधान के अलावा, महत्वपूर्ण प्रतिष्ठानों को छिपाने और निकासी योजना को अपडेट करने और उसका पूर्वाभ्यास करने का प्रावधान भी इस मॉक ड्रिल में शामिल है। देशभर में एनसीसी कैडेट भी कल होने वाले इस अभ्यास में भाग लेंगे। आनंद कुमार के साथ सकलेन अख्तर, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

प्रदेस क पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार बतवलें कि मॉक ड्रिल बदे प्रदेस में ओन्नइस जिलन क पहिचान कइल गइल हउवे। एहमें से एक जिला ए–श्रेणी, दुइ जिला सी–श्रेणी अउर बाकी जिला बी–श्रेणी में हउवें। येह सज्जो जिलन में सिविल प्रसासन, पुलिस प्रसासन, अग्निसमन सेवा अउर आपदा प्रतिक्रिया बल के साथे मिलि के मॉक ड्रिल कइले क निरदेस दीहल गइल हउवे।

**********

प्रदेस सरकार पचीस बरिस ले एक हजार पांच सौ मेगावाट बिजुली सस्ता दाम पर खरीदी। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अध्यक्षता में आजु भइल कैबिनेट के बइठकी में येह प्रस्ताव के मंजूरी दे दीहल गइल। ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा कैबिनेट के फैसिला क जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि सस्ता बिजुली के खरीदि से उत्तर प्रदेस पावर कारपोरेसन लिमिटेड के पचीस बरिस में दुइ हजार नौ सौ अट्ठावन करोड़ रूपिया क बचत होई। प्रस्तुत हउवे एगो रिपोर्ट–

***प्रदेश सरकार ने एक हजार छह सौ मेगावॉट क्षमता की तापीय परियोजना से कुल एक हजार पांच सौ मेगावॉट उर्जा बिड प्रॉसेस के माध्यम से पचीस वर्षों तक खरीदने का निर्णय लिया है। बिडिंग प्रक्रिया में सबसे कम पांच रुपये अड़तीस पैसे प्रति यूनिट की टैरिफ दर की पेशकश करने वाली निजी कंपनी को परियोजना के लिए चुना गया है। सरकार की इस नई पहल से प्रदेश को वर्ष दो हजार तीस इकतीस से एक हजार पांच सौ मेगावॉट बिजली बेहद सस्ती दर पर मिलने लगेगी। सरकार के इस निर्णय को उर्जा के क्षेत्र में आत्मनिर्भरता की दिशा में एक दूरदर्शी कदम माना जा रहा है। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक।***

आजु भइल कैबिनेट के बइठकी में प्रदेस सरकार कई गो अउरियो महत्वपूर्ण फैसिलो लिहलस।

**********

अजोध्या में सरधालु हनुमानगढ़ी से श्रीराम जनमभूमि ले पहुंचे बदे दुइ सौ नब्बे मीटर के भीड़िभाड़ से मुक्त राहि क इस्तेमाल कइ सकिहें। एकरे खातिर बजरंग पथ बनावल जा रहल हवे, जवने क पैंतालीस फीसदी निरमाण पूरा हो चुकल हउवे। ई जनकारी अजोध्या क मण्डलायुक्त गौरव दयाल दिहलें। उहां के बतवलीं कि दुइ सौ नब्बे मीटर लमहर कॉरिडोर के जरिये भक्तिपथ के श्रीराम जनमभूमि पथ से जोड़ल जा रहल हवे। एहसे सरधालुअन के बहुते असानी से दरसन–पूजन कइले क मौका मिलि पाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मऊ जिला में आकासीय बिजुली गिरले से भइल हादसा में जांन गंवावे वाले लोगिन के परिजन के प्रति सोक–संवेदना जतवले हवें। उहां के परिजन लोगिन के जुरते सहायता रासियो उपलब्ध करवले क निरदेस दिहले हईं। काल्हि संझा मऊ में आकासीय बिजुली गिरले से तीनि जने क मउति हो गइल रहे।

मुख्यमंत्री आन्हीं, बरखा, ओला परले अउर बिजुली गिरले के घटना से परभावित बहराइच, अलीगढ़ आ औरैया जिला के लोगिनों के जुरते सहायता रासि दिहले क अधिकारियन के निरदेस दिहले हवें।

**********

शाहजहांपुर जिला के बदनापुर थान्हा क्षेत्र में बीतल राति भइल एगो सड़कि दुरघटना में छौ जने क मउति हो गइल जबकि एगो घाही मनई क इलाज चलि रहल हवे। ई दुरघटना ओह समय भइल जब एगो मोटरसाइकिलि सामने से आ रहलि कार से टकरा गइल। मोटरसाइकिलि पर चारि गो दोस्त बइठल रहलें। येह दुरघटना में मोटरसाइकिलि पर सवार सज्जो चारि जने क अउर कार में बइठल दुइ जने क मउति हो गइल।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के पच्छिमी हिस्सा में बारह मई ले लगतारे कहीं–कहीं बरखा अउर बौछार परले क आगम जतवले हवे। विभाग के मोताबिक नौ अउर दस मई के छोड़ि के पूरबी उत्तर प्रदेसो में बरखा क ईहे स्थिति रही।

**********